



Sijè: Lwa sou Èd, Asistans, ak Sekirite Ekonomik pou Kowonaviris ("CARES Act")

Chè Asosye:

Nou swete kominike sa a jwenn ou ak fanmi w an bòn sante. Pi ba a, w ap jwenn kèlke enfòmasyon sou plis benefis dedomajman pou chomaj avèk yon ranbousman taks ou ka kalifye pou yo ba w apati nouvo lwa ki rele Lwa Èd, Asistans, ak Sekirite Ekonomik pou Kowonaviris ("CARES Act"). Tanpri gade pi ba a w ap jwenn yon rezime seksyon Lwa CARES la ki ka itil ou:

Benefis Dedomajman Chomaj

- Anplis benefis konpansasyon chomaj, ou resevwa nan men eta w la, Lwa CARES la bay yon \$600 siplemantè chak semèn pandan anviwon kat mwa (pèman siplemantè a ap fini 31 jiyè 2020). W ap otomatikman resevwa \$600 siplemantè a chak semèn si w elijib pou benefis dedomajman pou chomaj la selon lwa chomaj eta w la.
- Yo pwolonje benefis dedomajman chomaj la pou 13 semèn anplis jiska yon maksimòm 39 semèn Pa egzanp, si eta w la bay 24 semèn benefis dedomajman chomaj, alèkile w ap kalifye pou jiska 37 semèn benefis dedomajman chomaj.
- Yo anile peryòd datant yon-semèn lan lwa benefis dedomajman chomaj kelke eta egzije.
- Pou plis enfòmasyon, tanpri kontakte ajans chomaj eta w la.

Rabousman Taks Endividyèl

- Rezidan Etazini ap elijib pou: (1) yon sèl rabousman taks jiska \$1,200, kwake yon seri moun ka jwenn mwens si revni anyèl yo depase \$75,000 (\$150,000 si w marye; \$112,500 si ou ranpli taks antanke responsab fwaye w); epi (2) \$500 anplis pou chak timoun ki gen 16 zan oswa mwens. Gouvènman an ap analize taks ou ranpli pou 2019 lan oswa pou 2018 si w pa ranpli taks 2019 lan pou rive detèmine si ou elijib pou ranbousman taks la
- Si Sèvis Revni Entèn la (I.R.S.) gen enfòmasyon kont bankè w deja, y ap transfere lajan an pou w atravè depo dirèk. Sinon, w ap resevwa yon chèk pa lapòs.
- Pou plis enfòmasyon sou ranbousman taks la, tanpri ale sou: <https://www.irs.gov/coronavirus>.

Plan Retrèt nan Travay la

- Ou ka retire jiska \$100,000 nan 401(K) ou oswa nan lòt plan retrèt nan travay ou pou ane 2020 an san ou pa bezwen peye 10% penalite a tout otan retrè a se lakòz COVID-19 la, pa ekzanp, ou menm, yon konjwen w oswa depandan w teste pozitif pou COVID-19 la, oswa ou sibi lòt konsekans ekonomik negatif pa rapò ak COVID-19 la.
- W ap kapab repati taks ou dwe sou revni ou retire a sou twa zan.
- Pou asosye ki nan plan 401(K) HMSHost la, ou kapab kontakte Fidelity pou plis enfòmasyon nan Fidelity Investments 800-835-5095 oswa www.netbenefits.com.